Kalimah Langsung jeung Kalimah Teu Langsung

A. Robah kalimah langsung di handap jadi kalimah teu langsung!

1. Manehna nanya, “Mulih ti mana, Bapa?”

   Jawab :

2. Bu Ida nyarios, “Barudak kudu rajin diajar!”

   Jawab :

3. Tuti nanya, “Ibu, dinten ieu bade balanja naon?”

   Jawab :

4. “Ku naon kamari bet teu sakola?” ceuk Pa Guru naros ka abdi

   Jawab :

5. “Rudi, ningali Anwar ka dieu?” Surya nanya ka Rudi.

   Jawab :

B. Robah kalimah teu langsung di handap jadi kalimah langsung!

1. Pa Dadan mapatahan anakna, sangkan daek ngapalkeun

   Jawab :

2. Irvan nyarita, yen poe ieu manehna moal sakola, da nyeri padaharan

   Jawab :

3. Surya nyarita, yen manehna mah moal milu kerja kelompok

   Jawab :

4. Fitri nyebutkeun, yen manehna teh asalna ti Garut

   Jawab :

5. Mang Rukman nitah budakna, sangkan pangmawakeun cai

   Jawab :

Ngajen Sikep

1. Jajan di mana keur kuring mah teu jadi soal, nu penting sehat
2. Jajan kudu nu beresih, sehat tur ngandung giji
3. Kuring mah tara jajan di sakola, da sok mekel ti imah
4. Jajan di kantin mah dijamin kadaharanana beresih
5. Jajan di sisi jalan teu nanaon kotor ge, da hargana murah
6. Isuk keneh kuring mah geus jajan es serut
7. Kuring lamun rieut, kudu buru-buru dahar ubar
8. Lamun kuring gering tara ka dokter, sok diantepkeun we sacageurna
9. Barangdahar teu ngumbah leungeun teu nanaon, da moal nyeri beuteung
10. Kuring mah bekel teh sok dibeakkeun kabeh

LIVEWORKSHEETS

Latihan Ulangan Pangajaran 4 : Pentingna Kasehatan

1. Lamun urang gaduh artos, kudu …

   A. dijajankeun
   B. ditabungkeun
   C. dipasihkeun
   D. dipiceun

2. Lamun urang jajan tambarakan, akibatna …

   A. matak sehat
   B. matak cageur
   C. matak nyeri padaharan
   D. matak pinter

3. Kadaharan nu kakebulan jeung kaeunteupan laleur, bakal ngakibatkeun …

   A. nyeri sirah
   B. nyeri padaharan
   C. nyeri suku
   D. nyeri leungeun

4. Kadaharan anu ngandung penyedap rasa bisa ngabalukarkeun ruksakna …

   A. usus
   B. padaharan
   C. jantung
   D. paru-paru

5. Ieu di handap anu kaasup kana panyakit kulit, *iwal* …

   A. borok
   B. cacar
   C. cenang
   D. mengi

6. Panyakit anu karasana lain dina sirah, nyaeta …

   A. rieut
   B. jangar
   C. sesek
   D. balideg

7. Panyakit *mengi* henteu sarua jeung panyakit …

   A. asma
   B. batuk
   C. sesek
   D. eungap

8. Kecap *diuk* sarua hartina jeung kecap …

   A. ngadapang
   B. ngagoler
   C. calik
   D. gegelehean

9. Sabalikna tina kecap lemes *angkat* nyaeta …

   A. mantog
   B. balik
   C. mulang
   D. mulih

10. Kecap *kedul* ngabogaan harti sabalikna tina kecap …

   A. melid
   B. getol
   C. males
   D. bangor

LIVEWORKSHEETS